# ӘДИЛЛИК ҲӘМ ИНСАН ҲУҚЫҚЫ ЕҢ ЖОҚАРҒЫ ҚӘДИРИЯТ ПРИНЦИПЛЕРИН ТӘМИЙНЛЕЙТУҒЫН МУХАДДЕС ҲҮЖЖЕТ

**[1]Кабулов Х. А., [2]Ауешова Б. Т.**
*[1]Қарақалпақ мәмлекетлик университети*
*[2]Ш.Есенов атындағы университети*

Дүнья мәмлекетлери тарийхы ҳәм Конституциялық тәжирийбесинен мәлим болғанындай, халқының жәмийетлик сиясий, ҳуқықый, философиялық ой-пикири ҳәм даналығының нәтийжеси болған тийкарғы Нызамға — Конституциясына ийе болған ҳәм өз тағдирин, турмыс-тәризин оған тийкарланып шөлкемлестирген ҳәр бир халық жоқары пәтлер менен раўажланады [1].

Усы тарийхый ҳақыйқатлыққа дыққат аўдарып ҳүрметли президентимиз Ш.Мирзиёев өзиниң «Өзбекстан — келешеги уллы мәмлекет» атлы шығармасында «Мәмлекетиииздиң келешеги халқымыздың тәғдири көп тәрептен конституциямыз қандай болыўына байланыслы» [2] - деп айрықша атап көрсеткен еди.

Он екинши шақырық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Советиниң он екинши сессиясында 1993-жыл 9-апрельде қабыл етилген Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы [3]– суверенли демократиялық Республикмыздын тийкаргы Нызамы сыпатында мәмлекетимизде амелге асырылып атырган кен колемли демократиялык реформалар хам жаналаныўларға беккем хукыкый тийкар болып хызмет етпекте.

Конституция - бул мәмлекеттиң сиясий, ҳуқықый ҳәм социаллық системасын қәлиплестириўши әҳмийетли жокары юридикалык кушке ийе болган ҳүжжет болып табылады.

Бас Нызамымыздың турмыстағы әмелий көринисин таллайтуғын болсақ, бул Конституциямыздың қаншелли толық, мукәммәл ислеп шығылғанлығы тек өз дәўириниң муқаддес ҳүжжети емес, ал жарқын ҳәм уллы келешегимиздиң жаңа стратегиялық конституциялық бағдарларын белгилеп бериўши бирден-бир сиясий, ҳуқықый ҳүжжет екенлигин көремиз. Ҳәрбир мәмлекеттиң Конституциясы оның пухараларының ерк-ықрарын, руўхый-жәмийетлик санасын ҳәм мәдениятын сәўлелендиреди.

Конституция – бул сиясий даналық ҳәм халықтың ой-пикириниң нәтийжесин, оның даналық ғәзийнелерин толығы мен өзине жәмлестиреди. Ҳәрқандай мәмлекеттиң демократиялық өзгешеликлерин көрсететуғын шәртлериниң бири инсан ҳуқықына ҳәм еркинликлерине болған мүнәсибети болып табылады. Бул бизиң тийкарғы низамымызда да өз орнын таўып, онда елимизде демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пухаралық жәмийеттиң ажыралмас бөлеги болған инсанның ҳуқық еркинликлери дүньядағы ең жоқарғы қәдрият сыпатында қойылғанын атап өтиў орынлы болады. Соңғы жылларда әмелге асырылып атырған конституциялық реформалар контекстинде[4], Тийкарғы Нызамымыздың жәмийетлик-сиясий турмыстың барлық тараўларын раўажландырыўдағы роли айрықша әҳмийетке ийе болмақта.

Мысал ретинде айтатуғын болсақ, ҳүрметли Президентимиз тәрепинен алға сүрилген “халқымыздың Жаңа Өзбекстанды қурыў бойынша ерк-ықрарын жүзеге шығарыў, ҳәр бир пуқараға өз потенциалын раўажландырыў ушын барлық имканиятларды жаратыў, саламат, билимли ҳәм руўхый бәркамал әўладты тәрбиялаў, күшли экономиканы қәлиплестириў, әдиллик, нызам үстинлиги, қәўипсизлик ҳәм турақлылықты тәмийинлеў мақсетинде кең жәмийетшиликтиң қоллап-қуўатлаўы менен тастыйқланған “2026 – 2030 жылларға мөлшерленген “Өзбекстан – 2030”стратегиясы” [5] Конституциямыз нормалары ҳәм демократиялық реформаларды логикалық даўам еттириўдиң пухта ойланған стратегиясы болып, еркин мәмлекетимизди еле де раўажландырыўда жаңадан-жаңа ўазыйпаларды белгилеп берди.

Атап айтқанда, аймаққа ири инвестициялар қаратылып, металлургия ҳәм "жасыл" энергетика тараўында үлкен жойбарлар басланды, бул қолайлы инвестициялық орталықты қәлиплестириўге, сырт ел капиталын тартыўға ҳәм санаатты жаңалаўға жәрдем береди.

Конституцияда халықты социаллық қорғаў механизмлери де нәзерде тутылған болып, олар пенсия тәмийнаты, ҳалықтың кем тәмийинленген қатламларын қоллап-қуўатлаў ҳәм ден саўлықты сақлаў системасын раўажландырыўды қамтыйды. Президентимиздиң басламасы менен 2025-жылдың "Қоршаған орталықты қорғаў ҳәм "жасыл" экономика жылы" деп жәрияланыўы Аралбойы регионы ушын турмыслық айрықша әҳмийетке ийе. Бул экологиялық ҳуқықларды тәмийинлеў ҳәм келешек әўладлар ушын мүнәсип турмыс шараятын жаратыў жолындағы әҳмийетли қәдем болып есапланады. Мәмлекетимиз басшысының Аралбойына айрықша итибары ҳәм ғамхорлығы себепли соңғы жыллары тек ғана Қарақалпақстан ушын қабыл етилген 30 дан аслам пәрман ҳәм қарарлар тийкарында аймақ халқына, соның ишинде, жасларға, исбилерменлерге үлкен имканиятлар жаратылмакта. Атап айтқанда, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2026-жыл 16-февральдағы "Мәҳәллелерди раўажландырыў ҳәм жәмийетти илгерилетиў жылында тийкарғы бағдарлар бойынша реформалар бағдарламалары ҳәм "Өзбекстан - 2030" стратегиясын әмелге асырыў бойынша мәмлекетлик бағдарлама ҳаққында"ғы ПП-22-санлы Пәрманы кабыл етилди [6]. Онда, Қарақалпақстандағы 450 ден аслам мәҳәлләниң инфраструктурасын жақсылаў ушын "Ашық бюджет" арқалы қосымша қаржылар ажыратылыўы белгиленди. Қарақалпақстандағы социаллық ҳәм экономикалық шараятларды жақсылаўға қаратылған 2025-жыл 14-августтағы ПҚ-248-санлы, қарар ҳәм 2026-жыл 21-февралдағы ПҚ-70-санлы Президент қарарлары айырыкша ахмийетке ийе. Бул қарарлар, мамлекетимиздин ҳәр тәреплеме раўажланыўына ерисиў, жаңа жумыс орынларын жаратыў, исбилерменлик орталығын жақсылаў ҳәм инвестицияларды тартыў арқалы регионның экономикалық турақлылығын тәмийинлеўге жәрдем береди.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң ПҚ-248-санлы қарары тийкарында, Қарақалпақстан Республикасында исбилерменлик субъектлерин қоллап-қуўатлаўды және де күшейтиў, қолайлы инвестициялық орталықты жаратыў ҳәм инфраструктураны жақсылаў, заманагөй көзқараслар тийкарында финанслық хызметлер көрсетиў көлемин кеңейтиў және жоқары дәраматлы жумыс орынларын жаратыўға қаратылған жойбарларды әмелге асырыўды жеделлестириў мақсетинде:-социаллық объектлер, инфраструктураны жақсылаў ҳәм туризмди раўажландырыў,-халықты кәсип-өнерге үйретиў ҳәм жаслардың билим алыў имканиятларын кеңейтиў илажлары ислеп шығылды [7]. Мысалы, мәмлекетлик ЖООларда мәмлекетлик грант тийкарында оқытыў ушын 2025/2026-оқыў жылынан баслап келеси 3 оқыў жылы даўамында қосымша 500 мақсетли квота ажыратыў, сондай ақ, 2025-2026-жылларда оңланатуғын автомобиль жолларының мәнзилли дизими тастыйықланды.

Президентмиздиң 2026-жыл 21-февральдағы ПҚ-70-санлы қарарында [8] Республикамыздың социаллық ҳәм экономикалық раўажланыўын еледе жеделлестириў мақсетинде усы жылдың ақырына шекем Жалпы аймақлық өнимди 8,1 процентке, санаат өнимлерин болса 8 процентке арттырыў, жумыссызлық дәрежесин 4,2 процентке, кәмбағаллықты болса 3,2 процентке шекем түсириў, Нөкис қаласы, Қоңырат ҳәм Шымбай районларын кәмбағаллықтан жырақ аймаққа айландырыў тийкарғы ўазыйпа етип белгиленди. Мәмлекетимиз Президентиниң мурожаатнамасында атап өтилгениндей, Жаңа Өзбекстан үш тийкарғы үстинге таянған стратегиялық модель: ашықлық ҳәм әдиллик, экономикалық модернизациялаў ҳәм интеллектуаллық жәмийет қурыў. Бул үш бағдарда да тийкарғы орынлаўшы — жаслар болып табылады [9]. Мәмлекетимиз басшысының тиккелей басшылығында бүгинги күнде жаслар ушын барлық имканиятлар жаратылмақта: исбилерменлик кредитлери, стартап инвестициялары, билимлендириўди дуал системасына өткериў, шет тиллерди үйрениўди қоллап-қуўатлаў, волонтёрлық ҳәм социаллық белсендиликти хошаметлеў, китапқумарлықты мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтериў. Бул ең үлкен инвестиция жаслар ушын екенлигин аңлатады.

Демек, елимиздин тийкаргы низамы болган Каракалпакстан Республикасынын Конституциясы бүгинги күнде жаңа Өзбекстанда демократиялық принциплер, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийнлеў, улыўма тән алынған халык аралык принцип ҳәм нормаларға тийкарланып, баслы максети халық ушын еркин, абат ҳәмде абадан турмыс жаратып бериўден ибарат екенлигин исеним менен айта аламыз.

Жуумаклап айтканда Конституциямыз тек гана бизин бугинги раўажланыўымыздын, балким келешек әўладларымыздын да тийкаргы стратегиялык бағдарларын корсететугын бирден-бир мухаддес хукыкый хүжжет болып есапландаы.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Xojabay Kabulov DEMOKRATIYALÍQ KONSTITUCIYA – INSAN HUQÍQLARÍ ÚSTINLIGININŃ KEPILI “QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ KONSTITUCIYASÍ – INSAN HÁM PUQARALAR HUQÍQ HÁM ERKINLIKLERININŃ ISENIMLI HUQÍQÍY TIYKARÍ” (Qaraqalpaqstan Respublikası Konstituciyası qabıllanǵanlıǵınıń 32 jıllıǵına arnaladı) atamasında respublikalıq ilimiy-ámeliy konferenciya, Toplamı7-aprel 202531-34 бб
2. Ш.М. Мирзиёев “Янги Ўзбекистон — келажаги буюк давлат ”28 Февраль 2020.https://xs.uz/uzkr/25522.
3. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Konstituciyası // – Nókis: Qaraqalpaqstan, 2024. 76
4. O‘zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi // – Toshkent: O‘zbekiston, 2024. 76
5. «Мамлакат тараққиётининг 2030 йилгача мўлжалланган устувор йўналишлари доирасида ислоҳотларни изчил давом эттириш ва янги босқичга олиб чиқишнинг қўшимча чора-тадбирлари тўғрисида»ги Ўзбекистон Республикаси Президентининг 16.02.2026 йилдаги ПФ-21-сонли Фармони https://lex.uz/docs/8050769
6. «Маҳаллани ривожлантириш ва жамиятни юксалтириш» йилида устувор йўналишлар бўйича ислоҳотлар дастурлари ва «Ўзбекистон — 2030» стратегиясини амалга ошириш бўйича давлат дастури тўғрисида»ги Ўзбекистон Республикаси Президентининг 16.02.2026 йилдаги ПФ-22-сон Фармони, https://lex.uz/ru/docs/8050787
7. «Қорақалпоғистон Республикасини ижтимоий-иқтисодий ривожлантиришга қаратилган чора-тадбирларни янада жадаллаштириш тўғрисида"ги Ўзбекистон Республикаси Президентининг 14.08.2025 йилдаги ПҚ-248-сон қарори https://lex.uz/docs/7685398
8. Ўзбекистон Республикаси Президентининг қарори, 21.02.2026 йилдаги ПҚ-70-сонhttps://lex.uz/ search/nat? Searchtitle =%D2%9A%D0%BE%D1%80%D0%B0%D2%9B%D0%B0%D0%BB%D0%BF%D0%BE%D2%93%D0%B8%D1%81%D1%82%D0%BE%D0%BD&fbody_id=19123
9. Ўзбекистон Республикаси Президенти Шавкат Мирзиёевнинг Олий Мажлис ва Ўзбекистон халқига Мурожаатномаси 26.12.2025 https://president.uz/uz/lists/view/8834


**Annotatsiya.** Maqolada Qoraqalpog‘iston Respublikasi Konstitutsiyasining jamiyatda adolatni, inson huquq va erkinliklarini ta’minlashdagi o‘rni va ahamiyati atroflicha yoritilgan. Muallif inson huquqi eng oliy qadriyat, demokratik jamiyatning asosiy tamoyili ekanini ta’kidlagan holda, ularni kafolatlashda Konstitutsiyaning huquqiy va institutsional huquqiy mexanizmlarini tahlil qiladi. Shuningdek, Konstitutsiya va inson huquqlari o‘rtasidagi o‘zaro bog‘liqlik, amaldagi konstitutsiyaviy normalar va qonunosti hujjatlarining ahamiyati hamda ularning jamiyat hayotida amalga oshirilayotganiga alohida e’tibor qaratadi.

**Kalit so‘zlar:** "O‘zbekiston - 2030" strategiyasi, adolat, qonun ustuvorligi, konstitutsiyaviy islohotlar.

**Аннотация.** В статье всесторонне освещается роль и значение Конституции Республики Каракалпакстан в обеспечении справедливости, прав и свобод человека в обществе. Автор, подчеркивая, что права человека являются высшей ценностью и основополагающим принципом демократического общества, анализирует правовые и институционально-правовые механизмы Конституции для их обеспечения. Также особое внимание уделяется взаимосвязи Конституции и прав человека, важности действующих конституционных норм и подзаконных актов, а также их реализации в общественной жизни.

**Ключевые слова**: стратегия "Узбекистан - 2030," справедливость, верховенство закона, конституционные реформы.

**Annotation**: The article comprehensively reflects the role and importance of the Constitution of the Republic of Karakalpakstan in ensuring justice, human rights, and freedoms in society. Emphasizing that human rights are the highest value and the fundamental principle of a democratic society, the author analyzes the legal and institutional legal mechanisms of the Constitution to guarantee

them. Furthermore, special attention is paid to the interrelationship between the Constitution and human rights, the significance of existing constitutional norms and regulations, and their implementation in the life of society.

**Key words**: "Uzbekistan - 2030" strategy, justice, rule of law, constitutional reforms.

---